

Gid pou Pwogram Edikasyon ak Swen pou Timoun Piti (EEC) sou Obligasyon yo pou Pwoteje Enfomasyon Timoun, Fanmi, ak Anplwaye



Biwo Avoka Jeneral
Chanm Jistis Timoun
Divizyon Dwa Sivil
Divizyon Travay Ekitab

01 Pwogram Swen pou Timoun EEC dwe pwoteje enfomasyon pesonel ki ka pemet yo idantifye (PII) timoun y ap pran swen yo.¹

- Pwogram EEC yo **pa kapab** revele a afilye yo, sa wete ajan Imigrasyon Etazini ak Ranfòsman Lod (ICE) yo, swa aloral swa sou fòm alekri, enfomasyon pèsònèl ki ka pèmèt yo idantifye yon timoun nan swen yo amwenske:
 - pwogram nan genyen yon fason espesifik pou paran oswa responsab, konsantman enfòmè; li ann amoni ak
 - yon **manda jidisyè**, lòd tribinal oswa sitasyon ofisyèl pou temwen;
 - oswa genyen yon ijans pou sante ak sekirite.
- PII yo gen ladan, pa egzanp, non yon timoun, non paran/responsab yon timoun oswa manm fanmi, yon adrès kay la, yon nimewo sekirite sosyal, yon dat nesans, oswa yon andwa nesans.

1. Pwogram swen pou timoun ki resevwa finansman federal nan Depatman Edikasyon Etazini dwe pwoteje PII timoun k ap pran swen nan men yo selon (Lwa sou Dwa Edikasyon ak Vi Prive Fanmi (FERPA)) 20 U.S.C. § 1232g. Pwogram ki resevwa finansman nan men Administrasyon pou Timoun ak Fanmi (ACF), san wete Head Start ak Èd Finansyèl pou Swen pou Timoun (CCFA) anba Finansman Devlopman Swen pou Timoun (CCDF), nan egzijans pou pwoteje PII timoun y ap bay swen tou. 42 U.S.C. § 9801; 45 C.F.R § 1303.22. Pou ale pi lwen règ leta mande EEC ki lisansye ak pwogram ki finanse pou kenbe enfòmasyon pèsònèl elèv la konfidansyèl. Gade 606 Kòd Règleman Massachusetts (CMR) 7.04(12) pou Swen pou Fanmi Timoun ak Swen ki Baze sou Timoun nan. Gade 606 CMR 3.10(5) pou Pwogram Rezidansyèl yo.

02 Pwogram Swen pou Timoun EEC yo nan egzijans pou asire sekirite ak sekirite dosye PII anplwaye yo.

- Pwogram **pa kapab** revele a ranfòsman, san wete ajan ICE, ni aloral ni sou fòm ekri, PII pèsònèl yo amwenske:
 - manm pèsònèl la bay konsantman presi, enfòmè;
 - genyen yon **manda jidisyè**, lòd tribinal oswa sitasyon ofisyèl pou temwen;
 - oswa genyen yon ijans sante ak sekirite.
- **MEN**: ICE gendwa mennen yon verifikasyon kont I-9 pou revize fòmilè I-9 yo. Si yo mande sa ou dwe bay fòmilè sa yo.
- Ann amoni ak lwa Massachusetts, patwon yo dwe pran mezi ki apwopriye pou PII.²

2. 201 CMR 17.

03 Ranfòsman lwa, san wete ofisyèl ICE yo, ka selman antre sou chantye Pwogram Swen Timoun EEC yo oswa fè rechèch si:

- Ranfòsman lwa oswa ICE prezante yon **manda jiridik** ki valid (se yon jij federal oswa leta osw majistra ki siyen l).
 - Manda administratif (ICE oswa Depatman Sekirite Enterye (DHS) bay), pa otorize antre nan espas ki pa piblik).
 - Si l prezante avèk yon manda jiridik, lòd tribinal, oswa sitasyon ofisyèl pou temwen, konsilte konsèy legal pou detèmine enpak rechèch la oswa arete otorite manda oswa lòd jiridik la bay la.
- **OSWA**: Responsab espas la bay konsantman pou fouye lokal yo.
 - Si ranfòsman lwa yo apwoche w, ou **pa nan egzijans** pou w pale avèk yo. Ou kenbe **dwa konstitisyonel pou w rete an silans**.
- Yo **pa** egzije espas fizik pou bay ICE oswa lòt ranfòsman aksè a espas ki pa piblik san yon manda jiridik.
 - **Sepandan**: yo pa egzije yon manda jiridik pou ranfòsman lwa, san wete ICE, pou aksede zòn ki ouvè a piblik la (sètadi, gwo sal, papòt chanm), menm nan pwopriyete prive.

Chèche Plis Soutyen nan Biwo Avoka Jeneral.

Aprann plis konsènan lòt resous ki disponib pou kominote imigran yo nan: <https://www.mass.gov/info-details/resources-for-immigrants-in-massachusetts>. Kontakte Divizyon Dwa Sivil la nan (617) 963-2917.